Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 36 (7332)
30 август 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# Районалъул учительзабазул августалъулаб совещание




**28 августалда Шамильхъала поселокалъул Россиялъул халкъазул гIадатазул ва культураялъул Централъул активияб залалда тIобитIана районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб совещание. Гьениб кIвар буссинабуна бищунго лъай кьеялъул бутIаялда кIвар бугел захIмалъабазде, масъалабазде, рицана церетIеязул, лъикIал рахъазул, букIинесеб хIалтIуе гIуцIана планал. Гьеб совещаниялда данделъана гIемерал творческиял ва махщел тIокIал педагогал. Гьенир гIахьаллъана гIемерсоназул хIалбихьи бугелги, гьанжего гьанже хIалтIуде гьорлъе лъугьунелги. Киназго жалго рихьизаруна хIаракаталлъун, махщел тIокIал жавабиял хIалтIухъабилъун.**

Совещание рагьана ва бачана районалъул бетIерасул зам., лъай кьеялъе нухмалъи гьабулей М. ХIасановалъ. Гьелъ лъай кьеялъул хIалтIухъабазда баркана тIаде щолеб цIияб цIалул сон ва лъай-хъвай гьабуна совещаниялда гIахьаллъулел РДялъул БетIерасул террористияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ кумекчи С. Сайповасулгун, райсобраниялъул пред. К. Асадулаевасулгун, бетIерасул зам. М. ХIамзатовасулгун, лъай кьеялъул рахъалъ отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевасулгун ва культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасулгун.

Августалъулаб совещание рагьулаго М. ХIасановалъ абуна: «ХIурматиял лъай кьеялъул хIалтIухъаби ва гьалбал. Йохарай йиго гьаб августалъулаб совещаниялда нужее салам кьезе щвеялдаса. Гьанир нилъеца хIасилал гьаризе руго араб цIалул соналъул, бачIунелъул гьаризе руго приоритетниял рахъал, цере лъезе руго лъай кьеялда хурхун масъалаби.

2017-2018 цIалул соналда кIвар бугеб куцалда рекъе-решезабуна нилъер лъай кьеялъул хIалтIи, лъикIаб рахъалъ динамика щвана гьеб цебетIеялъе нилъер районалдаги. ГьабсагIаталда нилъер аслияб масъала буго иновационниял церетIеязулъ хIаракаталлъун рукIин, педагогасул махщалил кIвар букIине кколеб куцалъ борхизаби, цIунизе ва гIемер гьаризе отечественнияб лъай кьеялъул кьагIидаби»,-ян.

Хадув кIалъана С. Сайпов. Гьес РДялъул БетIер В. ГIабдугIалиевичасул цIаралдасан лъай кьеялъул хIалтIухъабазда баркана тIаде щолеб лъай кьеялъул Кьо ва гьарана гьеб захIматаб ва цIакъго кIвар цIикIкIараб гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIулъ церетIеял.

2017-2018 цIалул соналъул хIасилазул ва бачIунелъе гьаризесел цIилъабазул бицана жиндирго докладалда Л. МухIамадгIалиевас. «Педагогал – гьел ккола гIадамазул хасаб категория, щайгурелъул лъайгун тарбия кьеялъул ишазулъ гьезда цебе лъун буго кIудияб социалиябгун махщалилаб жавабчилъи. Гьединлъидал августалъулаб педагогическияб совет ккола профессионалияб гара-чIвариялъул площадка. Гьениб рес букIуна жидерго церетIеязул ва хIасилазул бицине, цере ругел захIмалъаби дандразе»,-ян бихьизабуна гьес жиндирго кIалъаялъул байбихьуда.

Хадубги тIадчIей гьабуна: «Ремонтал гьариялда хурхун гIуцIун букIараб щибаб кьойилаб ва гIуцIарухъанлъиялъулаб хIалтIул хIасилалда районалда цониги школалъул мина хутIичIо ремонт гьабичIеб. Амма авариялъу лаб ахIвал-хIалалда буго цо-цо лъай кьеялъул объектал, гьел рукIалиде ккезаризе гьечIо гIарац. Гьединазда гьоркьор руго МКДОУ № 9 «Сказка» ясли-ах, Шамильхъалаялъул СОШ, № I «Ромашка» МКДОУ ва гь. ц. Амма кьокьго абуни, цIияб цIалул соналде хIадурго руго.

ГIаммаб лъай кьеялъул системаялда хIалтIулел руго 919 педагог, 211 педагогасул буго тIоцебесеб квалификационнияб категория, 143 ясул-тIадегIанаб категория, педагогическиял кадрабаздалъун хьезарун руго 100 процентальъ.

(Ахир 2 гьумералда)

* ДандчIваял

# Нухал къачIалелгун дандчIвана

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов живго щвана ахираб заманалда рарал чвахун цIадаз хвезарурал нухал рукIалиде ккезариялъе гьарулел ругел хIалтIабазул хал гьабизе.

I августалда рарал чвахун цIадазул иххаз тIаде бахинабуна Унсоколо росдал нухазул хьолбохъан чвахулеб «ГIинтIи лъар», гьелъул хIасилалда аскIосан ругел нухазул 23 км. хвезабуна. Гьединго «ГьаракIуни площадка - Унсоколо - Сагъри кьо» нухал жагъал гьаруна. Гьедин бакI-бакIаздасан тIаса бахъизабун букIана ракьул хьал 35 метр халалъиялда, 7 метр гIеблъиялда ва 6 метр борхалъиялда. Хвезабун буго 60 кв[2] бугеб площадалда асфальт тIураб нухги. Гьеб нухалъ жанибе бачуна районалъул гIемерал росабалъе бугеб транспорталъулаб бухьен. Бихьулеб букIахъе нухал къачIай жеги унеб буго.

Цебеккунго нухлул хъулухъалъ лъаралъе нух тIун арал бакIал сигналиял лентабиги ккун, нухазда хьвадизе зарал кколаредухъ чIезаруна. Гьенирго лъун руго нухлул гIаламатал. Гьез бихьизабула «хехго машина бачине бегьунгутIи», «нухал къваридал рукIин» ва гьел гурел цогидалги знакал. «Нужеда бичIчIизе ккола жиндир заманалда гьел нухал къачIаялъул



бугеб кIвар. Гьелъ кумек гьабула аслияб нухде щвезегIан жиндир заманалда районалъул гIадамал хьвадиялъе. Хехго гьел къачIаялде кIвар буссинабизе ккола нужеца кьокъаб заманалда»,-ян абуна нухал къачIалелгун дандчIвалаго ГI. НурмухIамадовас.

# БакIал ралезе кумекалъе



28 августалда РДялъул Правительствалда гьелъул председатель А. Здуновасухъ букIана РФялъул бакIал раялъул ва ЖКХялъул министр В. Якушевги гIахьаллъараб данделъи. Совещаниялде ахIун рукIана МахIачхъалаялъул ва Каспийскиялъул министерствабазул ва ведомствабазул нухмалъулел, къуваталъулал органазул вакилзаби. БакIал раялъул ва ЖКХялъул республикаялда бугеб хIалалъул бицана Здуновас. Хадуб Россиялъул Министерствоялъул нухмалъулес бихьизабуна республикаялда жидецаго бакIал ралезе бакIалъулал специалистазда цадахъ лъугьун бугеб ахIвал-хIалалдаса рорчIиялъе ресал ратилин, кумек гьабилин.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 36 (7332)*

*30 август 2018 сон*

2 гьумер

Россиялъул гIадамаздехун бугеб телеобращениялда В. В. Путиница лъазабуна пенсионнияб реформаялда хиса-басиял гьарулел ругин. Гьеб Госдумаялъ къабул гьабуна тIоцебесеб цIалиялда. Гьоркьо-гьоркьоб Президентас абуна руччабазе пенсиялъулаб заман 63 сон гуреб 60 сонида тезеги бегьулин.




# Районалъул учительзабазул августалъулаб совещание



Цо-цо предметазда хIасил цIакъго загIипаб ккана. Математика ва гIурус мацIалъул гьеб кьечIез цIидасан экзамен кьезе бегьула сентябралда».

Лъай кьеялъул ишалда хурхун кIалъазе рахъана «Балахьуни СОШ» МКОУялъул директор М. НурмухIамадов, № 2 «Ласточка» МКОУялъул зав. П. ГIабдулмаликова, «Араканская СОШ» МКОУялъул тарбия кьеялъул бутIаялъул рахъалъ директорасул зам. П. СагIадуева, физикаялъул учительзабазул ассоциациялъул пред. С. МухIамадова, авар мацIалъул ассоциациялъул пред. С. МухIамадов, «ЦIатIанихъ СОШалъул директорасул зам. ГI. МухIамадова, Генуб спортивияб школалъул директор Гъ. ХIамзатов.

Совещаниялъул ахиралда къимат кьуна хIалтIулъ ратIа рахъарал лъай кьеялъул организациязул нухмалъулезе ва педагогазе. ХIалтIулъ цебетIей бугезе кьуна хIурматалъул грамотаби лъайгун тарбия кьеялъулъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилазе гIоло.

Гьединго гьоркьоб лъун къабул гьабуна районалъул педагогазул августалъулаб совещаниялъул гIахьалчагIазул резолюция. Гьеб гуребги райадминистрациялъул азбаралъуб гIуцIун букIана тIадеги лъай кьеялъул организациязда лъималаз гьарурал хIалтIабазул выставка.

Аслияб педагогическияб составалъул буго 20 сонидаса тIаде араб хIалбихьи. 2I8 педагог вуго 55 ялдаса тIаде арал санал ругел, гьединлъидал лъай кьеялъул учреждениязда профессионалияб ориентациялъул хIалтIи кутаклъизабизе ккола,-ян бихьизабуна Л. МухIамадгIалиевас.

Гьел гурелги докладалда бицана гIахьаллъарал республикаялъул кIваралъул конкурсазул, форумазул, олимпиадабазул, мастер-классазул. Гьенир щварал лъикIал бакIаздаса чIухIизе бегьула нилъер район.

ЕГЭялъул хIасилазул бицунаго Л. МухIамадгIалиевас бихьизабуна лъималаз цере лъурал масъалаби тIуранго тIуразарунин. «ТIадал предметазда хурхун ЕГЭ кьей лъикI ана. I35 цIалдохъанас кьуна гьаб нухалда ЕГЭ, гьезда гьоркьор руго 85 балл щваралги.

Геополитика

## СШАялъул санкциязул могоро НОТОялъулаздехун буссана

Вашингтоналъ санкция лъуна Турциялъул жанисел ишазул министр Сулейман Сойлуе ва юстициялъулав ГIабдулхIамид Гюляе, Анкараялъ Эндрю Брансон – Американялъул пастор-протестант эркен гьавичIолъиялъе гIоло. Гьел Турциялъул тIадегIанал чиновниказе гьанже рес гьечIо СШАялде рачIине, гьезул финансал штатазда ратани, гьелги цIорозаризе руго.

Брансон Турциялъул властаялъ ккун вукIана 20I6 соналда. Гьесде гIунтIизабун буго шпионажалъул ва террористазулгун бухьен букIиналъул гIайиб. Дагьаб цебегIан гьеб кинабго гIайибалъе инкар гьабурав пастор туснахъалдаса виччана, рукъалъул арестaлда тана. Д. Трампица чанго нухалъ лъазабуна Анкараялда хехаб къагIидаялда Брансон эркен гьавеян. Гьедин ахириял саназда дандеккунгутIаби гIемерлъун руго Европаялдаги СШАялдаги гьоркьор.

## Китаялъ гьабулеб буго дипломатазе искусственнияб интеллект (ИИ)

Китаялъ гьабулеб буго дипломатазе кIудияб кумек гьабулеб искусственнияб интеллект (ИИ). Гонконгалъул газетаз хъвавухъе гьеб кколеб буго прототипазул компьютерниял программаби, жинца жанире гIемерал баянал рачараб, гьел мацIихъабаздаса цIунулеб. Гьенир рукIуна цоцаде кIалъай, спутниковиял суратал ва разведкаялъул баянал. Системаялъ кьола кинабго информация, хасал суалал тIураялъе вариантал. Амма кин биданиги ахирисеб рагIи букIине буго машинадухъ гуреб гIадамазухъ. Гьеб рахъалъ США цебе инин хIинкъи буго Пекиналъул. Гьездаса къвине рес гьечIин абула СШАялда. Россиялъул вакил Мария Захароваялъ (ИИялда хурхун) кьураб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна: «Нижехъаго бажарулеб буго»,-абун.

Динияб букIон

# Какил ахIкамал

Как ккола исламалда жаниб бищун жиндир кIварги цIикIкIараб, исламияб диналъул хIуби абун ва алжаналъул кIул абунги жинда цIарги бачIараб, лагъас Аллагьасе гьарулел гIибадатазул бищунго хирияб ва кири кIудияб гIибадат. МухIамад аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Алжаналъул кIул – как буго», ва гIамалазул бищунго хирияб щиб кколеб абун Ибн МасгIудица гьесда гьикъидал «ГIужил авалалда бараб фаризаяб как буго»,-ян абуна.

Сордо-къоялда жаниб щибалъе хасаб гIужги бихьизабураб фаризаяб щуго как, жиндалъун ТIадегIанав Аллагьас МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) уммат кIодо гьабураб гIибадат буго. Гьеб Аллагьас тIад лъураб фаризаяб как тIубазабун налъи тIасан ккезабизеги ва гьелдасан жинда рекъараб, бищунго хирияб гIамалалъул кири щвезеги бокьани чара гьечIеб жо буго какил арканал, шурутIал ва гьелда хурхарал киналго ахIкамал лъазе гьари. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Аллагь къиямасеб къоялъ валагьуларо жинца рукугIалдаги суждаялдаги гьоркьоб мугъ битIизабуларев лагъасде»,-абун.

**Лъималазда как малъизе байбихьулеб заман**

Лъимал анкьго сониде рахиндал эбел-инсуда тIадаб буго гьезда как байян амру гьабизе ва гьездасан гьеб тIалаб гьабизеги. Гьелдаго цадахъ жинда бажарилин ккараб гIанисел кIалал кквезеги тIалъула. АнцIго соналде рахиндал какниги гьелъул шурутIаздасан шартIниги бахчулеблъи лъани гьел хIинкъизаризе ва гьезда цIакъго бухIиларедухъ кьабизеги тIалъула.

**«Иршадуль гIавам»**

# Рузман сордо-къоялъул азкарал

Суннатаб буго рузман къоялъ ва сордоялъ Къуръан цIализе, зикру-дугIа гьабизе ва аварагасде (с. т. гI. в.) свалат битIи гIемер гьабизе.

Муслимица, Бухарияс Абу Гьарайратидасан рицарал хIадисазда абулеб буго: «Рузман къоялда жаниб буго цо сагIат, ай заман, жинда жаниб лагъас Аллагьасда гьарулеб бугони, щакълъи гьечIого гьесул гьари Аллагьас тIубазабулеб».

Гьеб дугIа къабулаб заман мухIканго баян гьабун гьечIелъул тIубараб къоялъго жигар бахъизе ккола. ГIемерисез абулеб буго гьеб заман рузман къоялъул бакъанил какдаса хадуб бугилан ва цо хIадисги буго гьеб заман имам вагIза гьабизе лъугьаралдаса рузманалъул как бан лъугIизегIан бугилан.

Рузман къоялъ ва сордоялъ Аварагасде (с. т. гI. в.) свалат гIемер битIейилан, гьединго суратул «Кагьф» цIалеян рачIарал кьучIал хIадисал руго. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Щив чи вугониги рузман къоялъ радал, мунагьазда ракIги бухIун, лъабцIул гьал рагIаби абун: **«Астагъфируллагь ллязи ла илагьа илла гьувал хIаййя къаййума ва атубу илайгьи»**, Аллагьас гьесул мунагьал чурула, ралъдалъ полопгIан гIемерал ругониги.

Свалат-салам лъеяв Аварагас (с. т. гI. в.) хIадисалда абун буго: «Цоясде ваккизе диналъул вац ани, гьев гьесда аскIов гIодов чIараб мехалда рахIматалъулъ тIерхьунила. Радал гIуж бугони, лъабкъоялда анцIазарго малаикас гьесде свалат битIулила бакъанилъизегIан, бакъанида мех бугони – рогьинегIан битIулила»

***<u>Суалал- жавабал</u>***

## -ХIарамалда бараб минаялда жаниб бараб как къабуллъулищ?

-Какни къабуллъулеб батила, чияхъа бахъараб ретIел тIад ретIун баниги как къабуллъула, чияхъа бахъараб ракьалда баниги къабуллъула, какалъе рукIине кколел шурутIалги арканалги тIуран бани, Аллагьасе гIоло балебги бугони. Жибго доб чияхъа бахъараб ракьалъулги ретIелалъулги букIуна жиндирго хIарамлъиги мунагьги, какалъе гуро, кIалалъе гуро. Жибго жиндаго чIун гьабураб жо бегьула. Амма нилъ ругеб заманалъухъги балагьизе ккола – чияхъа бахъараб ракь абун, хIарим абун, вакъфу абун, нилъерго ихтияралда, диналъул тIалабалда нилъ тани, буго доб вакъфуги, вакъфулъун хутIулеб хIаримги, долъул шартIалги цIунизе кколеб, додин доб цIунизеги долъул тIалаб гьабизеги шаргIалъул тIалабалда нилъ хутIулел, толел ругони, нилъехъаги бажарулеб бугони. Нилъехъ ихтиярги течIого, хIукуматалъ бикьун кьолеб ракьги бугони, вакъфу-хIарим батIа гьабичIого, росуго гочине гьабун, жанирго хIоралги ран ГЭСалги гьарулел ругони, жамагIатги гочинабулеб бугони, росдал букIараб хIарималде, гьанже дол чагIи хIарималъур хIарамлъиялда ругилан абураб хIукмо букIунаро. Гьеб заррураталда (чара гьечIолъиялда) хIукму хисула. ГIадлуялда, низамалда, ращалъиялда букIине ккола гьабулеб жо.

**«Бакълъухъа ГIабдулгъафурил МухIамад-хIажи»**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 36 (7332)
Хамиз
30 август 2018 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

**Страница в номере**




Скоро - день образования

# У неё есть все, что должно быть присуще настоящему педагогу



У нескольких поколений сельских учеников, которые прошли через ее уроки, к Зое Дмитриевне особое отношение.

Все они в один голос готовы рассказывать о том, какой она на редкость культурный и интеллигентный и главное – чистоплотный во всех смыслах этого слова человек. Заслуживший к себе глубокое уважение всех, кто встречался с ней в жизни, а особенно – учеников, в которых она вложила всю себя.

Она посвятила свою жизнь совершенно незнакомым для себя детям, языка которых она даже и не понимала. Смогла вдалеке от всего, что греет душу, в чуждой среде заслужить столь высокое доверие и уважение к себе.

Сегодня нам хочется рассказать о нашей замечательной учительнице русского языка и литературы Унцукульской сред-ней общеобразовательной школы №1 Магомедовой Зое Дмитриевне.

Зоя Дмитриевна прекрасный человек, в 1974 после окончания армавирского педагогического института по распределению приехала в село Унцукуль Унцукульского района. Стала учителем русского языка и литературы в первой школе. Здесь вышла замуж и уже 44 года живет в Унцукуле.

Зоя Дмитриевна приобрела здесь своей самоотверженностью, своим светлым и благородным образом, уважение среди жителей села.

Вместе с тремя сокурсницами она, молодая учительница русского языка и литературы из Краснодарского края была направлена в Унцукульский район. Сокурсницы отработали положенные им три года и уехали. Зоя Дмитриевна же связала с горами Дагестана всю свою жизнь. Она единственная дочка в семье, как бы не было сложно для нее и для ее матери она осталась здесь. Обрела здесь крепкую семью по всем традициям горского народа, родила и подняла четверых детей, прекрасных, перенявших все превосходные качества своей матери девочек.

Будущего супруга, Магомедова Абдулхалика, встретила в школе, который работал завучем. Вместе с ним она приняла и образ жизни, и традиции, и культуру нового для нее народа. И не только приняла, но и лучше многих других соблюдает все. С мужем они прошли много испытаний, как крепкая семья прошли через все невзгоды. И детей своих воспитали прекрасными во всех отношениях людьми.

Зоя Дмитриевна беспокоит ся о правильном восприятии знаний учениками, о мыслительном процессе, об их личностной самореализации и, конечно же, о раскрытии творческих способностей в каждом ученике. Работает с полной самоотдачей, она ориентир для своих учеников. Она не только богата знаниями в области русского языка, но и душевными качествами. У неё есть все, что должно быть присуще настоящему педагогу: талант, душевная теплота, внешняя красота, ум, чуткость,доброта, справедливость, честность, терпение и неиссякаемая энергия.

Как ее бывшая ученица, могу сказать на ее уроках можно узнать много интересного. Очень часто она заинтересовывает учеников, разбавляя скучную тему интересными заданиями, которые самим хочется выполнить. Обращаясь к ней, я знала, что получу искреннюю помощь и мудрый совет. Она учит мыслить, а также грамотно выражать свои мысли. Ценила каждый ее урок, каждый новый факт, изложенный этим учителем. Она на столько деликатна, что этим качеством в ней можно непрестанно восхищаться. Не помню такого, что бы она поднимала голос. Эта удивительная женщина до сих пор помнит нас всех по имени.

И в преддверии ее профессионального праздника поздравляем Зою Дмитриевну и в ее лице всех учителей русского языка. Желаем успешной работы, понимания и уважения детей, так же крепкого здоровья, творческих удач, чтобы на вашем жизненном пути было больше понимания и тепла, работа приносила только радость и удовлетворение, а в ваш адрес всегда звучали слова благодарности и признания.

**Рахмат Кебедмагомедова**

# Цифровое эфирное телевидение.Что это такое?

**Зачем Россия переходит на цифровое эфирное телевидение?**

Федеральная целевая программа решает в первую очередь важную социальную задачу – делает доступными и бесплатными для всех жителей России 20 федеральных телеканалов в высоком «цифровом» качестве. Сделать это на базе аналогового телевидения нельзя по причине высоких затрат на его содержание и модернизацию, а также по причине ограниченности свободного радиочастотного ресурса. Для миллионов россиян цифровое эфирное телевидение будет означать улучшение качества жизни и устранение информационного неравенства.

**Чем цифровое эфирное телевидение лучше аналогового?**

Цифровое эфирное телевизионное вещание позволяет существенно повысить качество изображения и звука, расширить число доступных населению телеканалов, экономить частотный ресурс, а также предоставляет возможность развития новых современных услуг.

**В чем преимущество ЦЭТВ от РТРС перед предложениями коммерческих операторов телевидения?**

Преимущество цифрового эфирного телевидения РТРС – отсутствие абонентской платы за основные обязательные общедоступные каналы первого и второго мультиплексов.

**Почему в моем населенном пункте отключили пакет цифровых телеканалов РТРС-2 (второй мультиплекс)?**

Постановлением Правительства Российской Федерации от 29.08.2015 № 911 внесены изменения в федеральную целевую программу «Развитие телерадиовещания в Российской Федерации на 2009-2015 годы», продлевающие срок реализации мероприятия по строительству сети второго мультиплекса до 2018 года. В условиях параллельной аналоговой и цифровой трансляции существенно возрастает финансовая нагрузка на вещателей второго мультиплекса. В целях сокращения расходов телеканалов темпы строительства объектов второго мультиплекса были скорректированы и предусматривают запуск трансляции каналов второго мультиплекса только в городах с населением более 50 тысяч человек. Ранее построенные объекты связи переводятся в режим ожидания до 2019 года.

**Когда будет отключено аналоговое телевещание по всей стране?**

Принудительного отключения аналоговых телеканалов не планируется. Президент РФ Владимир Путин утвердил изменения в Указе № 715 «Об общероссийских обязательных общедоступных телеканалах и радиоканалах». Редакция документа, определяющего развитие российского телерадиовещания, закрепляет сохранение аналоговой трансляции основных российских телеканалов до 2018 года включительно. Для обеспечения параллельной трансляции в аналоговом и цифровом форматах Правительство Российской Федерации предоставит общероссийским обязательным общедоступным телеканалам и радиоканалам субсидии на цели аналогового эфирного распространения сигнала в населенных пунктах с численностью менее 100 тысяч жителей до 2018 года включительно. Предполагается, что телеканалы при желании смогут продолжить вещание в аналоговом формате и после 2018 года. Аналоговый формат вещания сохранится до тех пор, пока в нем будет необходимость у телезрителей и вещателей






**Какое приемное оборудование необходимо?**

Подключение оборудования для просмотра цифрового эфирного телевидения не занимает много времени и не требует специальных навыков и знаний. Для приема ЦЭТВ на новом телевизоре с поддержкой стандарта DVB-T2 нужна лишь антенна ДМВ диапазона. Для старого аналогового телевизора, кроме антенны, нужна специальная приставка (SetTopBox,

Спорт

# ТIоцебесеб бакI ккуна



24-26 августалда МахIачхъалаялда унеб букIана шагьаралъул администрациялъул призалъе гIоло тIобитIараб республикаялъул «Кожаный мяч» абураб мини-футболалъул турнир. Къецал ана: I) 2002-2003 сназванул, 2) 2004-2005, 3) 2006-2007 саназулги лъималазул категориязда гьоркьоб.

Турниралда гIахьаллъана Унсоколо районалъул «Гимры» 2004-2005 саназул категориялъул командаги ва ккуна тIоцебесеб хIурматияб бакI. Командаялъул тренер ккола спортивияб школалъул директор ГъазимухIамад ХIамзатов.

Гьеб буго спортшколалъул нухмалъиялъул унго-унголъунги ракl унтун гьабураб х1алт1ул х1асил.

РакI-ракIалъ баркула командаялъул гIахьалчагIазда ва тренерасда хIурматияб бергьенлъи.

Божизе захIматаб, амма....

# Риччан те, хварал!



* Хваразулгун бухьен бугеб жо буго. Хадуб ракI бухIун нилъеца виччан толев гьечIони,батIияб роценалда бугеб гьесул энергия чIаго ругел нилъер энергиягун гIагарлъулеб буго. ЧIагоясул гьеб загIипаб бугони, хварасул къуватаб бугони, хварасда кIолеб буго нилъ доб дунялалде цIазе.

* Нилъеца гIемераб мехалъ хварав рекIелъа виччалев гьечIони, чIагояв живго жиндаго лъачIого доб дунялалде гIагарлъулев вуго, ай гьесул лъугьунеб буго кIвар бугеб щокълъи. ГIагарлъиялъ гьев дове тIовитIулевги вуго. Халкъияб аби буго «хварас бащдаб лъагIалида жанив кIигояв вачарав ватани, лъабабилевги вачунин. Хварасухъе чIагояс жинцаго кварилъи захIмалъиги хисун кьолеб буго кинго живго разилъизе кIолареб гIумро.

* Къваридго рукIунин ккоге хварал. КигIан хириял гьел нужее рукIарал ратаниги, риччан те гьел. Гьез кIвар бугеб этап нахъа танин рохун рукIа. ГIумро даимаб буго добаги анибги букIунелъул хIисаб гьабуни. ГIадамал холаро, гьез цогияб, гIемеррахъазулаб рахъалдехун гали тIамула. Нужее абуни гьеб гьабизе жеги хехго буго. ГьединлъидаI жеги нужер заман бачIун гьечIо. ГIедегIуге!…

Пайдаяб малъи

# РекIее - хехаб кумек

**(Кин рекIел приступалъе экстренняб кумек гьабилеб таблеткаби гьекъечIого)**

I. РакIалдаго гьечIого рекIел приступ бачIани, (ракI бугеб бакIалда унти яги дискомфорт бугони) гIодор чIа, ражидул цо кесек къулчIе чIамичIого, чанго секундалдасан приступ тIагIуна.

2. Кодоб ражи гьечIони, ракI бугелъуб дискомфорт бугони, лопаткаялда гьоркь унти бугони, гьебсагIатго гIодор чIа.

3. КIиябго кверальул килщазул тIаралъаби лъухье, бокьараб кIудияб килищалъул малърал тIаде цун лъухье.

4. Гьелдаса хадуб цоцада цвизаре огохъатал цабзаз хIанчIе хIехьезе кIолеб къадаралъ унтизегIан, гьедин ккве 20-30 секундалъ ва рекIел хIал хисулищали хал ккве.

Гьеб къагIидаялъ кумек гьабула аритмия, тахикардия бугони ва давление тIаде бахун унеб бугони. Гьединги унти къатIулеб гьечIони ахIе хехаб кумек. Гьеб бачIинегIанги массаж гьоркьоб къотIизе тоге.

# ГIабдурашид ГIабдурашидов



Гьаб соналъул 8 августалда Аллагьасул къадаралде щвана Унсоколо районалъул Балахьуни школалъул географиялъул учитель ГIабдурашидов ГIабдурашид Камилович. ГIабдурашидов ГIабдурашид гьавуна I954 соналъул I4 февралалда Унсоколо районалъул Балахьуни росулъ. Росулъ I0 классги лъугIизабун I972-I974 соназда ГIабдурашид ана армиялде ВатIаналъе хъулухъ гьабизе. ТIад вуссиндал гьебго I974 соналда гьев лъугьана МахIачхъалаялъул автодорожнияб техникумалде. I98I-I984 соназ ГIабдурашидица лъугIизабуна Дагъистаналъул педагогикияб институталъул географиялъул факультет ва хIалтIана Балахьуни росулъ школалда географиялъул учительлъун.

I988 соналдаса I994 соналде щвезегIан ГIабдурашидица тIу-разаруна школалда гIуцIарухъанлъиялъулал ишал. I994 соналда гьев тIамуна Балахьуни школалъул директорлъун. Ахирисел соназда, 200I соналдаса бахъараб жакъа къоялде щвезегIан гьев хIалтIана школалъул социалияв педагоглъун.

Кинаб хIалтIуда вугониги ГIабдурашидица живго вихьизавуна унго-унгояв педагоглъун, лъикIав гIуцIарухъанлъун, гьабулеб ишалде жавабияб бербалагьи бугев ва цогидаздасаги жавабчилъи тIалаб гьабулев нухмалъулевлъун. Гьесул лъикIаб хIалтIи бихьичIого хутIичIо гьес тарбия кьурал цIалдохъабазда, гьезул эбел-инсуда, районалъул нухмалъулезда. Гьев мустахIикълъана районалъулги республикаялъулги гIемерал грамотабазе ва «Почетный работник»,- абураб цIаралъе.

ЛъикIав гьалмагъ, ракI рагьарав гьудул, киназего кумекалъе хIадурав сахав инсан, лъикIав эмен, гьединавлъун хутIила гьев гьесул лъималазе, гьудул-гьалмагъзабазе, тIолабго гIагарлъиялъе ва гьес лъай кьурал цIалдохъабазе.

Районалъул лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъабаз ва профкомалъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда ГIабдурашид ГIабдурашидов абадияб рокъове иналда бан. Аллагьас алжан насиб гьабеги гьесие, нахъе ругезе сабруги кьеги!

Районалъул лъай кьеялъул отделалъул ва профсоюзалъул комитеталъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Майданское росдал гьоркьохъеб школалъул гIуцIарухъан Устаров МухIамадида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул эмен

**Устар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго лъай кьеялъул цевегосев ветеран, ГIашилтIа школалъул вукIарав директор

**Шамилов МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул вац ГIабдулпатахIида, ясазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

**ЛЪАЗАБИ**

20I6 соналда Балахьуни гьоркьохъеб школалъ Апандиев ГIумар АхIмадовичасул цIаралда кьураб 9 класс лъугIиялъул, № 005I800012380I бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

* * *

2005 соналъул 16 июналда Балахьуни гIаммаб лъай кьеялъул школалъ МухIамадова Сабина МухIамадхIажиевналъул цIаралда кьураб серия В № 0087245 бугеб тIубачIеб гIаммаб лъай кьеялъул свидетельство тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 28. 8. 18 г. 16.30
фактически -15. 45 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.